№4
2024
ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI | ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУСТВА | BULLETIN OF MUSIC AND ART

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

ILIMIY - METODIKALÍQ JURNAL

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI**
**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI**
**ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ NÓKIS FILIALÍ**

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq jurnal*

# MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI

*Ilmiy-uslubiy jurnal*

# ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА

*Научно-методический журнал*

# BULLETIN OF MUSIC AND ART

*Scientific-methodical journal*

**№ 4/2024**

**SHÓLKEMLESTIRIWSHI:**
*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Bas redaktor:** – Allanbaev Rudakiy, *professor*
**Juwaplı xatker:** – Kamalova Dilfuza, *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent.*

**REDKOLLEGIYA AǴZALARÍ:**

**OZODBEK NAZARBEKOV –** Ózbekstan Respublikası Mádeniyat ministri, professor;
**AZIZBEK TURDIEV** – Ózbekstan Respublikası Oliy Majlis Senatınıń jaslar, mádeniyat hám sport máseleleri komiteti baslıǵı orınbasarı, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);
**BEGIS TEMIRBAEV** – Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat ministri, docent;
**KAMOLIDDIN URINBAYEV –** Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası rektorı, docent;
**OMONILLA RIZAEV** – kórkem ónertanıw ilimleriniń kandidatı, professor;
**HIKMAT RAJABOV** – professor;
**ORAZALI TOSHMATOV** – professor;
**BAXT AZIMOV** – pedagogika ilimleri kandidatı, docent,
**MUHABBAT TOLAXOJAEVA** – kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;
**MARFUA XAMIDOVA -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;
**BOLTABOY SHODIYEV -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı;
**OZODA TOSHMATOVA -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;
**SAYYORA ǴAFUROVA** – professor;
**OYDIN ABDULLAEVA** – professor;
**IRODA MIRTALIPOVA** –kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);
**PARAXAT MAMUTOV** – kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);
**QURBANBAY JARIMBETOV** – filologiya ilimleriniń doktorı, professor;
**ALIMA BERDIMURATOVA** – filosofiya ilimleriniń doktorı, professor;
**ZIYADA BEKBERGENOVA** – filologiya ilimleriniń doktorı (DSc), professor;
**ALIMA PIRNIYAZOVA** –filologiya ilimleriniń doktorı (DSc);
**YUSUPOV QONÍSBAY –** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc), professor;
**UTEBAEV TAJIBAY -** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc), professor;
**SEYTKASIMOV DAULETNAZAR -** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc);
**ARTÍQBAY EREJEPOV** – pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;
**JAŃABAY MARZIYAEV** – filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;

*Jurnal qaraqalpaq, ózbek, rus hám ingliz tillerinde jılına 2 márte basıladı. Jurnal Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentligi tárepinen mámleketlik dizimnen ótkerilgen. №047569 4-oktyabr, 2022-jıl.*

**Ózbekstan Respublikası Joqarı Attestaciya Komissiyasınıń 2024-jıl 30-iyuldaǵı 358-sanlı qararı tiykarında jurnal 17.00.00-Kórkem ónertanıw ilimleri jónelisi boyınsha dissertaciya nátiyjelerin baspadan shıǵarıw ushın arnalǵan jetekshi ilimiy jurnallar qatarına kiritilgen.**

*Redakciya mánzili: Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı Turan oypatı 29-jay.*
*E-mail:ozdknf@edu.uz, UZDK_Nukus@exat. Tel:551020540 Veb-sayt: https://science.uzdknf.uz/*

**ISSN-2181-4112**

# FORTEPIANO SABAĞINDA SES GOZALLÍĞÍ ÚSTINDE ISLEW PROCESI

**Iseev R.**

*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Annotaciya:** Bul maqalada arnawlı fortepiano klasında shıǵarmalar ústinde islewde ushırasatuǵın ses ústinde islewdiń tiykarǵı túsinikleri táriyiplenedi. Sonday-aq, arnawlı fortepiano klasındaǵı jumıstıń tiykarǵı bólegi sıpatında ses ústinde islew, ayırım texnikalıq tárepleri, óz betinshe shınıǵıwlar, fortepiano atqarıwshılıǵın úyretiwde bul procestiń áhmiyeti boyınsha usınıslar berilgen.

**Gilt sózler:** Muzıka, fortepiano, fortepiano atqarıwshılıǵı, ses, dawıs, texnika, jáhán klassik muzıkası, metod, fortepiano texnikası.

**Аннотация:** В данной статье описываются основные понятия работы над звуком, встречающихся при работе над произведениями в классе специального фортепиано. Работа над звуком как основная часть работы в классе специального фортепиано, некоторые технические аспекты, даны рекомендации по самостоятельным занятиям, о важности этого процесса в обучении фортепианному мсполнительству.

**Ключевые слова:** Музыка, фортепиано, фортепианное исполнительство, звук, техника, мировая классическая музыка, метод, фортепианная техника.

**Abstract:** This article describes the main concepts of sound work, which are encountered when working with works in a special piano class. Work on sound as the main part of work in a special piano class, some technical aspects, recommendations for independent classes, the importance of this process in teaching piano performance.

**Key words:** Music, piano, piano performance, sound, technique, world classical music, method, piano technique.

**Kirisiw**: Ózbekstan Respublikası birinshi Prezidentiniń "Joqarı bilimlendiriw sistemasın bunnan bılay da rawajlandırıw is-ilajları" haqqındaǵı PQ-2909-sanlı qararınıń mazmun-mánisi. Qarar talabınan kelip shıǵıp oqıw procesine xalıqaralıq bilimlendiriw standartlarına tiykarlanǵan aldınǵı pedagogikalıq texnologiyalar, oqıw baǵdarlamaları hám oqıw-metodikalıq materiallardı keń engiziw, oqıw pedagogikalıq iskerlikte master-klaslar ótkeriw, jetekshi sırt el túrles ilimiy-bilimlendiriw mákemeleri menen perspektivalı birge islesiw baylanısların jolǵa qoyıw arqalı pedagog hám ilimiy kadrlar qánigeligin arttırıw maqsetinde jáhánniń jetekshi ilimiy-bilimlendiriw mákemeleri menen birge islesiwdi jolǵa

qoyıw múnásibetlerin ornatıw názerde tutılmaqta. Kafedranı rawajlandırıwdıń baslı wazıypalarınan kelip shıǵıp, kadrlar tayarlaw mazmunın túpten qayta kórip shıǵıw, xalıqaralıq standartlar dárejesine sáykes joqarı maǵlıwmatlı qánigeler tayarlaw ushın zárúr shárayatlar jaratıw maqsetinde kompleks rawajlandırıwdıń eń áhmiyetli wazıypaların belgilep alıw. Jas oqıtıwshılardıń stajirovka ótewin, professor-oqıtıwshılardı qayta tayarlaw hám qánigeligin asırıwdı shólkemlestiriw.

**Tiykarǵı bólim:** Bólekler boyınsha islewde heshqashan oqıwshılar aldına sap ónermentlik wazıypalardı (shtrixlar, ritmika, applikatura hám t.b.) qoymaw kerek. Ekspressiv qurallardı hám usıllarıń izlew bolsa mudamı kórkem obrazdıń eń jaqsı interpretaciyasın izlew menen qosıp alıp barılıwı hám shıǵarma mazmunınıń melodiyalılıǵı, túsinikliligi hámde emocional tolıqlıǵı wazıypaları menen belgileniwi lazım.

Shıǵarma bólekler boyınsha úyrenilgennen soń, pútin bir kompoziciyanı jaratıw, onı aqırǵı tempke jetkiziw procesi baslanadı. Haqıyqıy tempke jaqınlasqanda formanı rawajlandırıw hám anıqlaw máseleleri úlken áhmiyetli. Muzıka waqıt aralıǵında atqarılatuǵın kórkem óner ekenligi sebepli oqıwshınıń dıqqatı bólimlerdiń temp hám dinamikalıq tárepten muwapıqlılıǵına, eń joqarı tonlarınıń atqarıwına, tempten atqarıwlarǵa hám aldıńǵı tempke qaytıwǵa, pauzalardıń anıq atqarılıwı hám t.b. qaratılıwı kerek. Oqıwshı shıǵarmanı atqarıw rejesin anıq qıyal etiwi, onı atqarıwdıń qanday da bir ıqsham «kompleksi»ne iye bolıwı, frazalardıń hám bólimlerdiń dúzilisin ańlı ráwishte seze alıwı, ayrıqsha bólimlerdegi, sonday-aq, tutas shıǵarmadaǵı ses tonların, háwijlerdi ishten esite biliwi kerek.

Mine usı proceste oqıwshı óz atqarıwın mudamı esitiwi hám onı bahalaw qábileti úlken rol oynaydı. Bunda oqıwshı shertiwdi epley alalmay atırǵanın túsindirip qoymay, óz kemshilikleriniń sebeplerin hám olardı saplastırıw jolların da biliwi áhmiyetli. Bunıń ushın ol muzıkanıń qıyın bólekleri ústinde ayrıqsha isley alıwı hám óz aldına mudamı jańa wazıypalardı qoyıp barıwı kerek. Áne usı tárizde geyde ayırım qol menen, geyde dawıslar boyınsha islew, qıyın jerlerdi ajıratıw atqarıwdıń geyde ses tárepine hám geyde ritmikalıq dúzilisine itibar beriw zárúrligi kelip shıǵadı.

Shıǵarma ústinde islewdiń sońǵı basqıshına ayrıqsha itibar qaratıw lazım. Yaǵnıy onı úyrenip bolǵannan soń, tikkeley seziniwi názerde tutıladı. Sonday-aq, óz esitiwin qadaǵalaw ólshemi ázzilesedi, olardı qanday da bir "jańalaw" yaki “bayıtıw" zárúrligi tuwıladı. Bunda oqıwshılar aldına atqarıwshılıq boyınsha jańa wazıypalardı qoyıw lazım.

Dáslep aldın úyrenilgen nota tekstin misli úyrenilmegendey oqıwdı usınıs etiw múmkin. Sonday oqıwda mudamı shtrixlar, akcentler, nyuanslar, avtor yaki redaktordıń kórsetpeleri hám aldın áhmiyet berilmegen tárepler tabıladı. Sonday-aq,

awır temp penen shertiw de paydalı bolıp, bul is esitiw seziminiń kúsheyiwine, sol sebepli seslerdiń tegis emesligin, ritm nuqsanların, qızıqlı shıqpay atırǵan jerlerin anıqlawǵa imkaniyat jaratadı. Ele de tereńirek muzıkalıq-teoriyalıq talqılawdan da paydalanıw múmkin. Bul ilaj aldın itibardan shette qalǵan ayırım melodiya hám uyǵınlıq strukturaları, ekspressiv detallardı anıqlaw imkanın beredi. Atqarıwshı shıǵarmanıń muzıkalıq tiykarı rawajlanıwın ishki esitiw menen baqlap barsa ǵana shıǵarma ústinde pikirlew, notasız hám saz ásbabısız shertiw nátiyjeli boladı. Bunda yadtaǵı úzilisler yaki oqıwshı tárepinen muzıkalıq iskerliginiń áne usı túrin orınlay almawı álbette anıqlanadı. Shıǵarmanı jazıwdan yaki koncertte esitiliwine jańasha qatnas jasawdı júzege keltiredi, atqarıwshınıń isbilermenligin hár tárepleme bahalawda, sonday-aq, basqalar atqarıwın óziniń túsinigi menen salıstırıwda járdem beredi.

Jańa shıǵarmalardı ózlestiriw procesinde hárbir fraza ushın ayrıqsha ses kúshi talap etiliwi múmkin. Bul proceste ásirese úplemeli hám tartqıshlı saz ásbaplar turaqlı shuǵıllanıwı hám hárbir sesti taza atqarıwı ushın ayrıqsha shınıǵıw etiwi usınıs etiledi.

Pyesa ústinde islewde paydalanılatuǵın muzıkalıq-teoriyalıq analizdiń bir qansha túrleri bar. Máselen, pyesanıń metodı, janrı, uyǵınlıǵı hám ses jaǵınan talqılaw múmkin.

Analizdiń usı túrlerinde wazıypalar tómendegishe ámelge asırıladı:

- usı pyesanı qaysı kompozitor jaratqan hám onıń usı janrdaǵı basqa shıǵarmalar qatarında tutqan ornın anıqlaw;
- pyesa bólimleriniń tiykarǵı dúzilisi, olardıń bir birine muwapıqlıǵı hám ulıwma hárbir bólimniń ornın biliw;
- shıǵarmanıń tema tárepten birligi, hár qıylı qarama-qarsılıq, aralıq hám járdemshi dúzilislerin anıqlap alıw;
- dáslepki ses hám uyǵınlıq analizi ótkerilip, soǵan uqsas metodtaǵı shıǵarmalarǵa tán ózgeshelikler belgilenedi, eń joqarı tonlar anıqlanıp, modulyaciyalıq reje, dawıslar háreketiniń ózine tánligi hám t.b. anıqlanadı. Bólimler boyınsha islew pyesanı bir pútin etip shertiwdi pútkilley biykarlamaydı. Kerisinshe, shıǵarmanıń bir pútinligi haqqındaǵı túsinikti umıtpaw ushın pyesanı basınan aqırına shekem tez-tez tákirarlap barıw zárúr. Lekin, jumıstıń keyingi basqıshlarında, barlıq detallar orınlanıp, quramalı bólimler ayrıqsha shertilgennen keyin, seslerdiń kerekli koloriti tabıladı. Áne usılardıń hámmesin ulıwmalıq toqımaǵa biriktirip shertiwdi tákirarlaw kóbirek paydalı boladı.

Bólimler boyınsha islew basqıshı dáslep pyesanı bóleklerge, epizodlarǵa ajıratıw menen baylanıslı. Bólekler kólemi hár qanday jaǵdayda hár túrli bolıwı, máselen, tez tempte jazılǵan shıǵarmalar ushın uzınıraq (segiz taktlı, on altı taktlı) hám awır temp penen jazılǵan shıǵarmalar ushın maydaraq dúziliwi múmkin.

Bunnan basqa, oqıwshıǵa jumıstı quramalı esaplanǵan bólimlerden baslawdı da úyretiw kerek. Eń qıyın bólimlerdi arnawlı hám ayrıqsha úyreniw qaǵıydasına ámel etip, bunı shıǵarma ústinde islewdiń aqırına shekem qollanıwı lazım.

Bólimler boyınsha islewde dúzetiwler menen shertiwdiń hár qıylı variantlarınan paydalanıw múmkin. Anıq emes atqarılganda qáte dúzetiledi hám usı bólim tákirar úyreniledi; eń qıyın hám qolaysız orınlarda toqtap yaki áste ótedi hám t.b. Mine usılardı úyreniw ólshemine qarap, bóleklerdi áste-aqırın úlkeytiwge ótiledi. Eń dáslep jeńil bólekler úlkeytiledi, keyin olardıń janına quramalı epizodlar biriktiriledi.

Pikirlew mudamı tikkeley atqarıwdan aldın ámelge asırılıwı hám tek dáslepki analizden ibarat bolıp qalmay, ol ses shıǵarıw usılları, barmaqlardı júrgiziw, seslerdiń melodiyalılıǵı, frazirovka hám t.b. haqqında oylap kóriwdi de óz ishine alıwı kerek. Bunnan basqa, ámeliyatta tastıyıqlanǵanınday, shıǵarmanıń texnikalıq tárepten qıyın jerlerin aldın túsinip alıw hám ishki esitiw menen “shertip kóriw” arqalı biraz ańsat úyreniw múmkin.

Shıǵarma ústinde islewdiń sońǵı basqıshına ayrıqsha itibar qaratıw lazım. Yaǵnıy onı úyrenip bolǵannan soń, tikkeley seziniwi názerde tutıladı. Sonday-aq, óz esitiwin qadaǵalaw ólshesi hálsirese, olardı qanday da bir "jańalaw" yaki «bayıtıw» zárúrligi tuwıladı. Bunda oqıwshılar aldına atqarıwshılıq boyınsha jańa wazıypalardı qoyıw lazım.

Dáslep aldın úyrenilgen nota tekstin misli úyrenilmegendey oqıwdı usınıs etiw múmkin. Sonday oqıwda mudamı shtrixlar, akcentler, nyuanslar, avtor yaki redaktordıń kórsetpeleri hám aldın áhmiyet berilmegen tárepler tabıladı. Sonday-aq, awır temp penen shertiw de paydalı bolıp, bul is esitiw seziminiń kúsheyiwine, sol sebepli seslerdiń tegis emesligin, ritm nuqsanların, qızıqlı shıqpay atırǵan jerlerin anıqlawǵa imkaniyat jaratadı. Ele de tereńirek muzıkalıq-teoriyalıq talqılawdan da paydalanıw múmkin. Bul ilaj aldın itibardan shette qalǵan ayırım melodiya hám uyǵınlıq strukturaları, ekspressiv detallardı anıqlaw imkanın beredi.

Atqarıwshı shıǵarmanıń muzıkalıq tiykarı rawajlanıwın ishki esitiw menen baqlap barsa ǵana shıǵarma ústinde pikirlew, notasız hám saz ásbabısız shertiw nátiyjeli boladı. Bunda yadtaǵı úzilisler yaki oqıwshı tárepinen muzıkalıq iskerliginiń áne usı túrin orınlay almawı álbette anıqlanadı. Shıǵarmanı jazıwdan yaki koncertte esitiliwine jańasha qatnas jasawdı júzege keltiredi, atqarıwshınıń isbilermenligin hár tárepleme bahalawda, sonday-aq, basqalar atqarıwın óziniń túsinigi menen salıstırıwda járdem beredi.

Studentlerde saxnada ózin tutıw sezimin tárbiyalaw hám kópshilik aldında shertiw zárúrligin júzege keltiriw oǵada áhmiyetli. Oqıwshınıń kópshilik aldında shertiwdi oǵada juwapkershilikli jumıs ekenin, usınıń menen birge ol koncertte

shıǵıw úydegi hám klastaǵı barlıq jumıslardıń juwmaǵı ekenligin túsiniwi lazım. Koncertte shıǵıw saltanatlı hám quwanıshlı waqıya sıpatında ótiwi kerek.

**Juwmaq:** Joldıń basında jas oqıtıwshılar anıq túrde studentler menen islewdiń ayrıqsha usılın, qábiletlerin, tayınlıǵın rawajlandırıwdıń qıyın wazıypasına dush keledi, olardıń ayrıqshalıǵı hújdanli, izleniwsheń oqıtıwshıǵa kóp zatlardı usınıwı múmkin. Sonı da aytıw kerek, tájiriybeli pianinachi-oqıtıwshılar studentler menen texnikası ústinde islewde ózlerin túrli jollar menen kórinedi. Sonday etip, Leonid Vladimirovich Nikolaev shákirtleriniń qol háreketleri procesine aktiv aralasdı, turaqlı túrde járdem berdi hám basqa qıyınshılıqlardı jeńiw ushın qanday islew kerekligini kórsetti.

Genrix Gustavovich Neygauz texnika ústinde onsha sezilerli dárejede islemes edi. Pedagogikasında ol muzıkalıq hám kórkem wazıypalardı (ol ushın jetekshi bolǵan ) fortepiano texnikası menen qanday etip birlestiriwdi jaqsi biler edi. Texnikalıq túsiniginiń ózi Neygauz ushın kórkem óner menen organikalıq túrde birleser edi. Ol shákirtleriniń texnikaliq kemshiliklerine waqtı-waqtı menen aralasar edi; bul, ádette, olardıń qandayda-birınıń texnika usılların rawajlanıwda krizis júzege kelse, bul mashqalanı student ózi atqara almaydı.

Ilimiy tiykarlanǵan, aqılǵa say texnika pianino shertiwde, sonıń menen birge, atqarıw kórkem óneriniń basqa túrlerinde de zárúr. Texnikalıq qolaysızlıqlar shertiwdıń kórkem tárepin jarlılastıradı hám studenttiń keyingi rawajlanıwına tosqınlıq etedi. Eger oqıtıwshı arnawlı shınıǵıwdı kem bahalasa, nátiyjede student jáne de quramalı repertuardı orınlaw ushın zárúr bolǵan bazanı almaydı. Bul studenttiń kórkem rawajlanıwı jáne onıń texnikalıq múmkinshilikleri ortasında waqıt ótiwi menen boslıq payda bolıwına alıp keledi.

## Paydalanǵan ádebiyatlar:


1. Iseeva, A. (2024). DUWTAR-ÓZBEK MILLIY SAZ ÁSBABÍ. B ACADEMIC RESEARCH IN MODERN SCIENCE (T. 3, Выпуск 11, сс. 22–27). Zenodo. https://doi.org/10.5281/zenodo.10902210
2. Iseyev Ruslan Alimjanovich. (2024). CLAUDE DEBUSSY FIRST 12 PRELUDES FOR PIANO. International Journal of Pedagogics, 4(03), 35–43. https://doi.org/10.37547/ijp/Volume04Issue03-07
3. Alimjanovich, I. R. . (2022). Fostering the Concerto-Performance Skills of the Pianist. Pioneer: Journal of Advanced Research and Scientific Progress, 1(6), 91–97. Retrieved from https://innosci.org/jarsp/article/view/651
4. Alimjanovich, I. R. . (2023). Claude Debussy Preludes for Piano. *Procedia of Philosophical and Pedagogical Sciences*, *2*(3), 138–148. Retrieved from https://procedia.online/index.php/philosophy/article/view/505

5. Alimjanovich, Iseyev Ruslan. "Peculiarities of Rhodion Schedrin's Piano Cycles." AMERICAN JOURNAL OF SCIENCE AND LEARNING FOR DEVELOPMENT 2, no. 3 (2023): 6-15.
6. Alimjanovich, Iseyev Ruslan. "FORTEPIANO PANININ JAHAN MUZIKA OQIW PROCESINDEGI AHMIYETI HAM ORNI". MUZIKA HAM KORKEM ONER XABARSHISI (ilimiy-metodikaliq jurnal); 141-145, 2023, ISSN — 2181-4112
7. Alimjanovich, Iseyev Ruslan. " FORTEPIANO ATQARÍWSHÍLÍǴÍ". (Oqıw qollanba). – Nókis: "Jazıwshı", 2023. – 96 b. (Guvohnoma nomeri 784980).

## MAZMUNÍ

### MUZÍKATANÍW


1 **Раджабова С.Р.** СОВРЕМЕННОЕ ВОКАЛЬНОЕ ПРОИЗВЕДЕНИЕ: СОЕДИНЕНИЕ ТРАДИЦИИ И ИННОВАЦИИ В АЦИОНАЛЬНОМ МУЗЫКАЛЬНОМ ИСКУССТВЕ…………………………………….. 3

2 **Туйчиева Р.Х.** СОНАТА ДЛЯ СКРИПКИ И ФОРТЕПИАНО ФАТТАХА НАЗАРОВА В КЛАССЕ КАМЕРНОГО АНСАМБЛЯ….. 12

3 **Muxamedjanova Z.** YOSH KOMPOZITORLAR IJODIDA KAMER-CHOLG‘U ASARLARNING IJROCHILIK TALQINI……................. 17

4 **Ражабова Н.Ф.** ЛАДЫ НАРОДНОЙ МУЗЫКИ В КУРСЕ СОЛЬФЕДЖИО……………………………………………………….. 26

5 **Saidxonov A.S.** IOGAN SEBASTYAN BAX OHANGLARDAN TARALAYOTGAN HAYOT…………………………………………… 31

6 **Muxamedjanova Z.** B.TURSUNBOYEVNING FORTEPIANO UCHUN “SAVTI KALON SOQIYNOMASI” MAVZUSIGA VARIATSIYASI TAHLILI VA TALQIN MASALASI……………….. 36

7 **Чаршемов Ж.А.** ОРКЕСТР УЧУН КОНЦЕРТ ЖАНРИ ТАРИХИ….. 44

8 **Kamalova G.M.** JAMIL CHARSHEMOVTÍŃ “POPURRI” SHÍǴARMASÍNÍŃ ÓZGESHELIGI……………………………….. 52

9 **Allaniyazov B.Q.** «MUXAMMES» JANRÍNÍŃ TEORIYALÍQ HÁM ÁMELIY MASHQALALARÍ…………………………………… 58

10 **Мухамедзиянов К.Т.** О ВОКАЛЬНОМ ЦИКЛЕ «РУБАЯТ» НОДИРА МАХАРОВА НА СЛОВА АЛИШЕРА НАВОИ………… 64


### KÓRKEM ÓNER


11 **Allanbaev R.O.** MUZÍKALÍ SHIǴARMALARDIŃ QARAQALPAQ TEATRÍNDA TUTQAN ORNÍ...................................................... 69

12 **Djumaniyazov U.M.** XALQ CHOLG‘ULARI ORKESTRIDA RUBOB PRIMANING O‘RNI…………………………………………… 76

13 **Áliev N.Ǵ.** QARAQALPAQ MUZIKA MÁDENIYATINDA DEMLI ÁSBAPLAR………………………………………………… 81

14 **Kamalova G., Dauletbaeva G.** DUWTAR SAZ ÁSBABÍN ZAMANAGÓYLESTIRIWDIŃ ÁHMIYETI..................................... 89

15 **Karimova N.** O‘ZBEKISTONDA O‘TKAZILAYOTGAN XALQARO TIVALLARNING MADANIY ALOQALARDAGI ROLI (Xalqaro asal vali misolida)……………………………………….................... 95

16 **Ризаев О.** ТЕАТР ВА ЗАМОН……………………………… 105

17 **Shukurov A.** MILLIY O‘ZLIKNI ANGLASHDA MILLIY MADANIYATNING AHAMIYATI…………………………………… 111

18 **Хожаназаров Т.** ҚОРАҚАЛПОҒИСТОНДА ОПЕРА САНЪАТИНИНГ ШАКЛЛАНИШИ ВА РИВОЖЛАНИШ БОСҚИЧЛАРИ………………………………………………………… 117
19 **Мамадалиев А.** ЎЗБЕК МАДАНИЙ МУСИҚА ИЖРОЧИЛИГИДА ХАЛҚ ЧОЛҒУЛАРИ АНСАМБЛЛАРИНИНГ ТУТГАН ЎРНИ (чангчилар ансамблида Ф.Содиқовнинг "Ҳумор" асари мисолида).. 122
20 **Назаров О.** МИЛЛИЙ ЧОЛҒУЛАРДА ЎҚИТИШ УСЛУБИЁТИНИ ТАКОМИЛЛАШТИРИШДА МУТАХАССИСЛИК ФАНИ ЎҚИТУВЧИЛАРИ ФАОЛИЯТИНИНГ АҲАМИЯТИ (Абдувоҳид Мажидов фаолияти мисолида)……………………………………… 129
21 **Юлдашева М.Б.** РОЛЬ МЕЖКУЛЬТУРНОГО ВЗАИМОДЕЙСТВИЯ И КУЛЬТУРНОЙ ДИПЛОМАТИИ В ПРОДВИЖЕНИИ КУЛЬТУРЫ УЗБЕКИСТАНА…………………… 135

## MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ

22 **Gulmanov I.Sh.** DÁP ÁSBABÍN OQÍTÍW METODIKASÍ TARIYXÍ.. 143
23 **Iseev R.** FORTEPIANO SABAǴINDA SES GOZALLÍǴÍ ÚSTINDE ISLEW PROCESI........................................................................... 154
24 **Yusupaliyeva D.K.** YANGI O‘ZBEKISTON YOSHLARI TARBIYASIDA MILLIY QADRIYAT: MOHIYAT VA MAZMUN.... 160
25 **Азимов Б.** ИЛМ ВА ТАЖРИБАДАГИ ПЕДАГОГИК МАҲОРАТ (Васильев Феоктист Никифорович ижоди мисолида)……………… 168
26 **Казакбаева М.** РОЛЬ И РАЗВИТИИ ЦИФРОВЫХ КОМПЕТЕНЦИЙ В МУЗЫКАЛЬНОМ ОБРАЗОВАНИИ……….. 175
27 **Умарова В.** РАБОТА НАД ПОЛИФОНИЧЕСКИМИ ПРОИЗВЕДЕНИЯМИ В КЛАССЕ «СПЕЦИАЛЬНОЕ ФОРТЕПИАНО»………………………………………………. 180

## JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER

28 **Тлеуниязова Г.Б.** ЗАМОНАВИЙ ҚОРАҚАЛПОҚ ЛИРИКАСИНИНГ ТАРАҚҚИЁТ ТАМОЙИЛЛАРИДА ШЕЪР КОМПОЗИЦИЯСИ........................................................................ 186
29 **Бекбергенова А.У.** ПИСЬМЕННЫЙ ПАМЯТНИК «КИТАБИ ДЕДЕМ КОРКУТ» И ДАСТАН «ЕР ЗИЙУАР».............................. 196
30 **Бекбергенова А.У.** ҚАРАҚАЛПАҚ ОЧЕРКЛЕРИНИҢ РАЎАЖЛАНЫЎ ТЕНДЕНЦИЯЛАРЫ (1991-2000-жыллар)………. 202

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

***Ilimiy-metodikalıq jurnal***

**“STATION X” baspası**
**Nókis-2024**